

**MAJAS SAJRONE ANTOLOGI GEGURITAN  
TEMBANG DHUKUH PURUNG  
ANGGITANE ST. SRI EMYANI  
(Tingkatan Stilistika)**

**Serly Gia Bintarawati**

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Surabaya  
([Serly.bintarawati@yahoo.co.id](mailto:Serly.bintarawati@yahoo.co.id))

**Abstrak**

Antologi geguritan *Tembang Dhukuh Purung* anggitané St. Sri Emyani minangka karya sastra kang edhi peni ing basane, mligine ngenani pemajasan. Mula underane panliten, yaiku: (1) kepriye wujud majas *perbandingan* sajrone antologi geguritan *Tembang Dhukuh Purung* anggitané St. Sri Emyani? (2) kepriye wujud majas *penegasan* sajrone antologi geguritan *Tembang Dhukuh Purung* anggitané St. Sri Emyani? (3) kepriye wujud majas *sindiran* sajrone antologi geguritan *Tembang Dhukuh Purung* anggitané St. Sri Emyani?

Mula ing panliten iki bakal dianalisis nggunakake tingkatan stilistika. Stilistika minangka ilmu kang nliti panganggone basa lan lelewane basa sajrone karya sastra. Panliten iki nggunakake teori-teori kang gegayutan karo lelewane basa. Teori kang wigati sajrone panliten iki yaiku nengenake ngenani pemajasan.

Metodhe kang digunakake sajrone panliten iki yaiku metodhe deskriptif kualitatif. Sumber dhata sajrone panliten iki arupa antologi geguritan *Tembang Dhukuh Purung* anggitané St. Sri Emyani. Dhata sajrone panliten iki yaiku awujud tembung-tembung kang ngandhut majas sing digunakake dening panggurit. Dhata-dhata kasebut dikumpulake kanthi teknik maca, nyimak, cathet lan nglasifikasi. Teknik analisis dhata sajrone panliten iki nggunakake teknik analisis deskriptif.

Asile panliten nuduhake majas *perbandingan* sajrone antologi geguritan TDP ngemu 10 majas, yaiku majas personifikasi, depersonifikasi, metafora, alegori, hiperbola, litotes, simile, hipalase, eponim lan simbolik. Banjur majas *penegasan* ana 5 majas yaiku majas pleonasmé, repitisi, retoris utawa erotesis, aferesis lan eklamasio. Pungkasan yaiku majas *sindiran* ana 2 majas yaiku majas sinisme lan sarkasme. Majas *Perbandingan* minangka majas kang paling onjo, mligine majas hiperbola amarga jinis majas kasebut asring ditemokake sajrone antologi geguritan TDP.

Sarta panliten iki uga nuduhake yen St. Sri Emyani anggongé ngripta geguritan asring banget nggunakake makna konotatif kanggo ngandharake isi geguritané. Panliten iki uga ngemu patang fungsi kang digunakake sajrone cuplikan-cuplikan antologi geguritan TDP. Fungsi kasebut yaiku fungsi *pembangding*, fungsi *penegasan*, fungsi pasemon utawa sindiran lan fungsi kritik. Saka patang fungsi kasebut fungsi kang onjo yaiku fungsi penegasan.

Kata kunci: majas perbandingan, majas penegasan, majas pasemon.

**PURWAKA**

**Landhesane Panliten**

Karya sastra minangka asil riptan, kreatifitas, lan imajinasine manungsa kang nduweni nilai estetika, etik, lan sainstik kang nggunakake basa minangka pirantine. Karya sastra minangka gegambarane panguripane manungsa kang diandharake pengarang miturut pengalamane sajrone donya kasunyatan, banjur nggunakake imajinasine kanggo nambahi kaendahane karya sastra kasebut saengga bisa narik kawigatene pamaca.

Salah sawijine wujud karya sastra Jawa modern yaiku geguritan. Geguritan minangka ungkapan pangrasa utawa pamikirané pengarang. Geguritan minangka salah sawijine medhia pengarang kanggo medharake sakabehe wujud ekspresi kanthi bebas tanpa paugeran tartamtu. Saliyane bisa medharake sakabehe apa kang lagi

dirasakake lan dialami, apik kanthi langsung utawa ora langsung, pengarang uga menèhi pasinaon marang pamaca lumantar geguritan-geguritan anggitané.

Sajrone nyiptakake geguritan basa minangka medhia kang paling wigati. Basa minangka unsur kang digunakake pengarang kanggo medhia ekspresine. Basa uga nduweni makna sajrone karya sastra amarga basa minangka medhium kang digunakake pengarang kanggo ngungkapake pengalaman estetis utawa realitas. Kedadeyan kasebut disebabake karya sastra minangka struktur kang nduweni makna (Pradopo, 2005:120-121).

Basa nduweni fungsi kanggo ngandharake ekspresi diri diwujudake karo lelewane basa sawijine pawongan. Miturut Keraf (2010:112) lelewane basa kanthi cara umum bisa diartikake minangka cara pangungkapane dhiri lumantar basa. Perangan saka lelewane basa saliyané diksi utawa pamilihé tembung yaiku majas.

Majas uga diarani minangka basa kiasan.

Pangerten majas yaiku pamilihe tembung tartamtu kang trep karo maksud pengarang utawa pamicara sajrone rangka kanggo nggayuh kaendahan utawa nilei *estetik* (Ratna, 2008:164). Saliyane kuwi majas minangka cara ngungkapake pikiran lumantar basa kang khas kang nengenake kapribadhene panulis. Tera (2010:119) ngandharake kanthi cara umum majas kuwi diperang dadi papat yaiku majas *perbandingan*, majas *penegasan*, majas *pertentangan*, lan majas *sindiran*. Amarga panliti ngrembug babagan majas sing wis cetha ana sesambungane karo lelewane basa mula kanggo nuntingi panliten iki panliti nggunakake tintingan stilistika. Stilistika (stylistic) yaiku ilmu kang nлити panganggone basa lan lelewane basa sajrone karya sastra (Abrams sajrone Al-Ma'ruf, 2009:10).

Sajrone geguritan mesthi ditemokake perangan kang onjo. Kayata ing antologi geguritan *Tembang Dukuh Purung* anggitan St. Sri Emyani. Perangan kang onjo sajrone antologi geguritan kasebut yaiku ana ing basane kang ngandhut *permajasan*. Panulis kasebut jeneng jangkepe yaiku Slamet Sri Emyani. Watara taun 1987-1996 akeh nulis laporan seni, budhaya lan pariwisata. Dheweke nganti saiki uga isih aktif nulis karya sastra. Tulisan sastrane akeh sumebar ing majalah basa Jawa uga Indonesia kayata Mekar Sari, Djaka Lodhang, Panjebar Semangat, Jaya Baya, Simphoni, Liberty lan Surabaya Post. Saliyane dadi sastrawan dheweke saiki dadi guru sastra Indonesia ing SMP Negeri 1 Panggul. Kajaba kuwi dheweke uga dadi motivator *Quantum Lentera Centre (QLC)* para penulis enom ing tlatah bumi Menak Sopal-Trenggalek.

Adhedhasar andharan kasebut, mula panliti milih antologi geguritan TDP minangka objek panlitene. Amarga St. Sri Emyani minangka panulis kang jenenge wis dikenal ing jagad kasusastran Jawa sarta antologi geguritan TDP anggitan St. Sri Emyani iki kagolong anyar yaiku, babaran kapisan ing sasi Agustus taun 2013 lan durung ana sing nлити. Saliyane kuwi sajrone antologi geguritan kasebut akeh ditemokake ngenani *permajasan*. Mligine yaiku majas *perbandingan*, majas *penegasan*, lan majas *sindiran*. Sajrone antologi geguritan kasebut tema-tema “katresnan” katon dominan. Katresnan kang dimaksud ing geguritan kasebut ora mung tresna antarane wong lanang lan wong wadon wae, nanging uga tresna marang papan panguripan lan Gusti Pangeran (Tuhan).

Adhedhasar panjlentrehan kasebut, mula panliti kepengin nuntingi antologi geguritan “*Tembang Dukuh Purung*” anggitan St. Sri Emyani kanthi tintingan stilistika, lan munjerake panliten ing lelewane basa yaiku *permajasan* amarga perangan kang onjo sajrone antologi geguritan kasebut yaiku basane.

Tuladhane bisa diwawas sajrone cuplikan iki “**saabot-abote nyangga bumi isih abot nyangga kangene nurani**”. Adhedhasar cuplikan kasebut minangka tuladhane perangan majas *perbandingan* yaiku majas hiperbola. . Majas kang diteliti ing panliten iki yaiku majas *perbandingan*, majas *penegasan*, lan majas *sindiran*. Awit miturut panliti majas-majas kasebut kalebu majas kang onjo sajrone antologi geguritan kasebut. mula saka kuwi, panliten iki diwenehi irah-irahan “Majas sajrone Antologi Geguritan *Tembang Dhukuh Purung*

Anggitane St. Sri Emyani”.

## 1.2 Wewatesane Panliten

Panliten iki kaya panliten saumume kang nduweni wewatesan supaya andharan ing panliten iki ora amba banget. Sajrone panliten iki mung ngrembug majas kang digunakake sajrone antologi geguritan *Tembang Dhukuh Purung* (TDP) anggitan St. Sri Emyani kang minangka dadi objek utama sajrone panliten iki.

## 1.3 Underane Panliten

- (1) Kepriye wujud majas *perbandingan* sajrone antologi geguritan TDP anggitan St. Sri Emyani?
- (2) Kepriye wujud majas *penegasan* sajrone antologi geguritan TDP anggitan St. Sri Emyani?
- (3) Kepriye wujud majas *sindiran* sajrone antologi geguritan TDP anggitan St. Sri Emyani?

## 1.4 Tujuan Panliten

“Majas sajrone Antologi Geguritan *Tembang Dhukuh Purung* Anggitan St. Sri Emyani” iki nduweni rong tujuan, yaiku:

### 1.4.1 Tujuan Umum

Panliti nduweni tujuan menahi gegambaran ngenani majas sajrone geguritan. Saliyane kuwi panliten iki uga nduweni tujuan umum kanggo ndeskripsikake majas-majas sajrone antologi geguritan TDP anggitan St. Sri Emyani.

### 1.4.2 Tujuan Khusus

- (1) Ngandharake ngenani majas *perbandingan* sajrone antologi geguritan TDP anggitan St. Sri Emyani.
- (2) Ngandharake ngenani majas *penegasan* sajrone antologi geguritan TDP anggitan St. Sri Emyani.
- (3) Ngandharake ngenani majas *sindiran* sajrone antologi geguritan TDP anggitan St. Sri Emyani

## 1.5 Paedah Panliten

Panliten iki nduweni paedah kanggo menahi gegambaran ngenani kaendahane basa sajrone reriptan sastra, saengga para pamaos bisa mangerteni isi utawa pesen kang diwedharake dening pangripta. Saliyane kuwi panliten iki uga nduweni paedah kaya ing ngisor iki:

- (1) Asil saka panliten iki bisa nduweni paedah kanggo pasinaon sastra Jawa modern kanthi tintingan basa.
- (2) Panliten iki bisa dadi sarana mangun wawasan kawruh kang diantuk ing pawiyatan.
- (3) Kanggo panliti liya, asil tintingan iki dikarepake bisa dadi salah sawijine materi acuan utawa referensi sajrone ngrembakake panliten sabanjure kang saemper.
- (4) Asil panliten iki nduweni paedah kanggo pawongan kang nresnani sastra utawa sastrawan supaya bisa luwih ngrembakake kreativitas anggone nyiptakake sawijine karya sastra mligine geguritan.

## 1.6 Panjlentrehe Tetembungan

Tetembungan kang digunakake ing panliten iki yaiku:

### 1.6.1 Geguritan

Pradopo (2005:7) ngandharake *puisi* utawa geguritan mujudake *ekspresi* pamikir kang bisa nuwuhake rasa pangrasa lan gegambaran pancadriya ing sawijine basa kang tumata lan nduweni wirama. Reroncening tetembungan sajrone geguritan lumrahe mujudake basa kang padhet lan mentes, ateges sajrone geguritan amung diandharake inti ceritane

### 1.6.2 Majas

Majas yaiku cara ngungkapake pikiran lumantar lelewane basa sing khas utawa mligi kang nuduhake jiwa lan kapribadhene panulis (Tarigan sajrone Prasetyono, 2011:12).

### 1.6.3 Lelewane Basa

Keraf (2002: 12) ngandharake yen lelewane basa utawa *style* dadi prakara utawa perangan saka diksi kang ngrembug cocog orane panganggone tembung, frasa utawa klausa tartamt kanggo ngadhepi swasana tartamtu. Lelewane basa uga bisa nampilake maneka warna swasana panuturan, kayata swasana seneng, swasana megelake, religius, misterius, utawa swasana panas mbranang sajrone tegangan emosi angkara lan ambisi.

### 1.6.4 Stilistika

Stilistika yaiku ilmu kang nliiti panganggone basa lan lelewane basa sajrone karya sastra (Abrams sajrone Al-Ma'ruf, 2009:10). Ratna (2007:236) ngandharake stilistika minangka ilmu kang nyelidhiki panganggo basa sajrone karya kanthi nimbangake aspek-aspek kaendahane.

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

Tintingan kapustakan mujudake bab kang isine njlentrehake teori-teori ngenani tintingan kang bakal digawe kanggo merang lan nganalisis nobjek panliten.

### Panliten Saemper

Panliten saemper kang migunakake tintingan stilistika kang ndhudhah kaendahane basa sajrone reriptan sastra yaiku sing kapisan panliten kang ditindakake dening Aditya Kurnia Dewi taun 2013 mahasiswa jurusan Pendhidhikan basa lan sastra Dhaerah Universitas Negeri Surabaya kanthi irah-irahan "*Raras Ruming Tetembungan sajroning Crita Katresnan Novel Suminar Reriptane Tiwiek S*".

Panliten saemper sing kapindho ngenani stilistika yaiku panliten kang ditindakake dening Suratmi taun 2004 mahasiswa jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah Universitas Negeri Surabaya kanthi irah-irahan "*Diksi dan Gaya Bahasa dalam Novel Tumlawung Anggitane Dhiajeng Nanik*".

Panliten saemper katelu yaiku panliten kang ditindakake dening Siti Nur Azizah taun 2009 mahasiswa jurusan Pendhidhikan lan Sastra Dhaerah Universitas Negeri Surabaya kanthi irah-irahan "*Diksi lan Gaya Bahasa ing Antologi Geguritan Tanpa Mripat Anggitane Aming Aminuddin*".

Panliten saemper kang pungkasan kang ndudhah kaendahane basa kanthi tintingan stilistika yaiku panliten

kang ditindakake dening Tri Nur Meilasari taun 2014 mahasiswa jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah Universitas Negeri Surabaya kanthi irah-irahan "*Pamilih Tembung lan Lelewane Basa sajrone Lirik Carita Basa Using Nawi BKL Inah Anggitane Antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor*".

Adhedhasar panliten saemper ing ndhuwur bisa disawang lan bisa didudut yen panliten kanthi tintingan stilistika ing jurusan basa Jawa Universitas Negeri Surabaya akeh-akeh ditemokake panliten kang wiwitane kanthi irah-irahan "*Diksi lan Lelewane Basa*". Bedane karo panliten kang bakal ditindakake yaiku panliten kanthi objek antologi geguritan "*Tembang Dhukuh Purung*" iki luwih mligi yaiku ngrembug ngenani *permajasan* kang kinandhut sajrone antologi geguritan kasebut. panliti milih ngenani *permajasan* amarga sajrone antologi geguritan TDP perangan majas kang paling onjo, mligine majas *perbandingan*, majas *penegasan*, lan majas *sindiran*. Anane maneka warna majas sajrone antologi geguritan kasebut nambahi nilei estetikan saengga geguritan-geritan kasebut dadi luwih endah nalika diwaca.

### Karya Sastra

Karya sastra minangka asil reriptan, kreatifitas, lan imajinasine manungsa kang nduweni nilai estetik, etik, lan sainstik kang nggunakake basa minangka pirantine. Karya sastra minangka gegambaran panguripane manungsa kang diandharake pengarang miturut pengalamane sajrone donya kasunyatan, banjur nggunakake imajinasine kanggo nambahi kaendahane karya sastra kasebut saengga bisa narik kawigatene pamaca.

sastra minangka gegambaran saka *fenomena-fenomena* panguripan sajrone bebrayan. Bab kasebut amarga sajrone maneka warna prakara sing ana ing bebrayan bisa dadi inspirasine pengarang sajrone nuwuhake karyane. Andharan kasebut selaras karo andharabe Sudikan (1990:91) karya sastra ora bisa uwal saka prakara-prakara sajrone bebrayan. Endraswara (2008:78) uga ngandharake manawa karya sastra minangka ekspresi panguripane manungsa sing ora uwal saka bebrayan.

### Fungsi Karya Sastra

Karya sastra dumadi adhedhasar bentuk (struktur) lan isi (kandungan). Nanging aspek bentuk minangka perangan kang dominan, minangka lelewane basa. Mula basa nduweni fungsi lan minangka piranti sarta tujuwan sajrone karya sastra (Ratna, 2013:117). Karya sastra bisa diarani minangka kaca benggala utawa pangilon masyarakat, jalaran apa kang dumadi ing bebrayan dilebokake ing karya sastra.

Karya sastra uga menehi kabungahan, kasenangan, kemareman, kaendahan tumrap pamaos (Sumardjo, 1995:7). Wujud kaendahan kang dipilih karya sastra minangka sawijine cara kanggo ngandharake pesen saka crita. Kanthi cara mangkono karya sastra ora bisa dianggep sepele, jalaran apa sing kang kinandhut sajrone karya sastra mesthi nduweni pigunane dhewe. Karya sastra dilairake nduweni paedah tumrap bebrayan, jalaran karya sastra bisa menehi gegambaran bener lan

orane aanggone manungsa tumindak. Bab iki disengkuyung panemune Poe (sajrone Weltek lan Warren, 1990:25) sastra uga nduweni kagunan bisa menehi piwulangan tartamtu. Sarta ing kene pamaca bakal pikoleh kasenangan lan kemareman batine dhewe.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur karya sastra mesthi ana gegayutane karo panguripan bebrayan. Bebrayan minangka sakumpulane manungsa kang nduweni sambung raket antara siji lan sijine. bebrayan kuwi nduweni daya tumrap asil karya sastra, amarga wujud pangrobawa iki ngenani objek sing bakal ditulis. Kepriye anggone nulis, kanggo sapa karya sastra kasebut ditulis, lan nduweni ancas apa nulis karya sastra kuwi. Andharan kasebut selaras karo andharane Ratna (2011:60) yen (1) karya sastra diasilake dening pengarang, (2) pengarang minangka perangan saaka bebrayan (3) pengarang manfaatake apa wae sing ana ing bebrayan, lan (4) karya sastra dimanfaatake maneh dening bebrayan. Mula saka kuwi, bisa diarani karya sastra kuwi asale saka bebrayan, dening bebrayan, lan kanggo bebrayan.

### Jinise Karya Sastra

Karya sastra mujudake asil kreatifitas pengarang sing diwujudake lumantar medhia basa. Sarta nggunakake basa lisan utawa tulisan. Tulisan minangka pangunen-unen sing dituwuhake liwat basa. Hutomo (1997:39) ngandharake manawa karya sastra mujudake asil pikiran lan rasa pangrasane manungsa kanthi cara lisan lan tinulis, lumantar basa sing endah miturut konteks. Gegayutan karo bab kasebut, Ras (1985:3) ngandharake manawa kasusatran Jawa diperang dadi loro, yaiku sastra tradisional lan sastra modern.

Sastra modern mligine sastra Jawa diperang dadi patang jinis yaiku cerkak, cerbung, novel lan geguritan. Ras (sajrone Darni, 2012:4) ngandharake manawa sastra jawa modern nduweni genre-genre sastra sing memper karo sastra *barat*, yaiku *short story* saemper karo cerkak, *long story* saemper karo cerita sambung, *poem* saemper karo guritan lan novel.

### Geguritan

*Puisi* Jawa modern utawa geguritan titikane yaiku, luwih mardika utawa bebas ateges tanpa kaiket paugeran-paugeran tartamtu kang wis gumathok kaya ing puisi Jawa *tradhisional*. Mula kuwi, puisi Jawa modern utawa geguritan uga diarani *sajak bebas*. Hutomo (1975:24) ngandharake, geguritan kuwi mujudake sawijine reription sastra kang cacah gatrane ora ajeg. Pradopo (2005:7) ngandharake yen *puisi* utawa ing basa Jawa diarani geguritan mujudake *ekspresi* pamikir kang bisa nuwuhake rasa pangrasa lan gegambaran pancadriya ing sawijine basa kang tumata lan nduweni wirama. Reroncening tetembungan sajrone geguritan lumrahe mujudake basa kang padhet lan mentes, ateges sajrone geguritan amung diandharake inti ceritane.

### Stilistika

Stilistika (stylistic) yaiku ilmu kang nlihi panganggone basa lan lelewane basa sajrone karya sastra (Abrams sajrone Al-Ma'ruf, 2009:10). Ratna (2007:236)

ngandharake stilistika minangka ilmu kang nyelidhiki panganggo basa sajrone karya sastra, kanthi nimbangake aspek-aspek kaendahane. Endraswara (2003:73) ngandharake stilistika yaiku penggunaan lelewane basa kanthi mligi sajrone karya sastra. Pusat perhatian stistika yaiku *style*, yaiku cara kang digunakake pamicara utawa panulis sajrone ngandharake maksud kang diduweni kanthi nggunakake basa minangka saranane, mula *style* bisa ditegesi lelewane basa (Sudjiman, 1993:13).

### Lelewane Basa

Istilah lelewane basa (*gaya* basa) uga diarani *style*. Lelewane basa minangka cara ngungkapake gagasan lan pangrasa kanthi nggunakake basa kang khas utawa mligi kanthi kreativitas, kapribadhen lan karakter pengarang kanggo nggayuh efek tartamtu yaiku efek estetik utawa efek kepuitisan lan efek nyiptakake makna (Al-Ma'ruf, 2009:9). Lelewane basa sajrone panganggone tuwuh amarga minangka tuntutan, marang panganggone tembung kang digunakake, kayata Keraf (2002: 12) ngandharake yen lelewane basa dadi prakara utawa perangan saka diksi kang ngrembug cocog orane panganggone tembung, frasa utawa klausa tartamtu kanggo ngadhepi swasana tartamtu. Lelewane basa uga bisa nampilake maneka warna swasana panuturan, kayata swasana seneng, swasana megelake, religius, misterius, utawa swasana panas mbranang sajrone tegangan emosi angkara lan ambisi.

### Majas

Majas kalebu ing babagan basa *figuratif*, sing tegese uga perangan saka lelewane basa. Majas kuwi diarani basa kiasan lan basa kiasan iki *mengiaskan* sawijine kedadayan karo liyane kanggo gambaran kang cetha, luwih menarik lan urip. Pangerten majas yaiku pamilihe tembung tartamtu kang trep karo maksud pengarang utawa pamicara sajrone rangka kanggo nggayuh kaendahan utawa nilei *estetik* (Ratna, 2008:164).

Panganggone majas kudu trep amarga anane majas kang trep bakal bisa menehi pangrobawa tumrap pamaca yaiku bisa narik daya imajinasine para pamaca kanggo mbayangake geguritan sing lagi diwaca. Ratna (2013:439) ngandharake kanthi cara umum majas diperang dadi papat yaiku majas *perbandingan*, majas *pertentangan*, majas *penegasan*, lan majas *sindiran*.

Sajrone panliten iki majas kang digunakake yaiku amung majas *perbandingan*, majas *penegasan*, lan majas *sindiran*. Majas-majas kasebut isih diperang dadi maneka warna kaya ing ngisor iki andharane.

### Majas Perbandingan

Majas *perbandingan* yaiku tembung-tembung kang *berkias* kang ngandharake sawijine *perbandingan* utawa mbandingake sawijine kedadayan utawa kahanan karo kedadayan utawa kahanan liya.

#### (1) Majas Personifikasi

Personifikasi yaiku majas kang ngungkapake kanthi ndadekake barang mati minangka manungsa (Keraf, 2010:140).

#### (2) Majas Depersonifikasi

Prasetyo (2011:21) ngandharake depersonifikasi yaiku majas kang nampilake manungsa minangka kewan, wit-witan, barang alam lan liya-liyane. Mula depersonifikasi kuwi minangka sawalikake personifikasi, nanging proses pambentuke rong majas iki padha.

(3) Majas Metafora

Metafora uga diarani perbandingan langsung. Metafora yaiku majas kang ngungkapake arupa perbandingan kanthi ngilangake tembung-tembung kayata, minangka, kaya-kaya lsp (Keraf, 2010:139).

(4) Majas Alegori

Alegori majas kang ngungkapake kanthi cara kang beda, lumantar kiasan utawa penggambaran (Tera, 2010:119).

(5) Majas Hiperbola

Hiperbola yaiku majas perbandingan kang ngandhut sawijine pernyataan kang diluwih-luwihake, kanthi digedhe-gedhekake sawijine prakara (Keraf, 2010:135).

(6) Majas Litotes

Keraf (2010:132) ngandharake litotes yaiku majas kang digunakake kanggo ngungkapake samubarang kanthi tujuwan ngrendahake dhiri.

(7) Majas Simile

Keraf (2010:138) ngandharake simile yaiku perbandingan kang asipat *eksplisit*. Asipat *eksplisit* yaiku langsung ngandharake samubarang padha karo kedadeyan liyane lan mbutuhake upaya kang kanthi eksplisit nuduhake perangan kang padha kuwi, yaiku tembung-tembung kayata, padha, minangka, laksana lsp.

(8) Majas Hionalase

Hionalase yaiku majas perbandingan ing ngendi tembung tartamtu digunakake kanggo nerangake sawijine tembung kang sejatine tembung kasebut digunakake marang sawijine tembung liyane sing luwih trep (Keraf, 2010:142).

(9) Majas Simbolik

Simbolik yaiku majas kang nggambarake samubarang kanthi nggunakake barang liya minangka simbol utawa perlambangan (Sari, 2012:282).

(10) Majas Eponim

Keraf ngandharake eponim yaiku majas kang nggunakake sawijine jeneng kang nduweni sesambungan karo sipat tartamtu. Saengga jeneng kasebut kanggo ngandharake sipat kasebut (2010:141).

### Majas Penegasan

Majas penegasan yaiku tembung-tembung *berkias* kang ngungkapake utawa ngandharake *penegasan* kanggo menahi *penekanan* ing isi geguritan ngenani sawijine samubarang sarta ngundhakake kesan lan uga menahi pangribawa pamireng utawa pamaca.

(1) Majas Pleonasme

Pleonasme nambahkake keterangan marang pernyataan kang wis cetha utawa nambahake keterangan sing sejatine ora dibutuhake (Tera, 2010:128).

(2) Majas Aferesis

Aferesis yaiku majas penegasan kanthi ngilangake hurup utawa wanda wiwitan (Ratna, 2013:439).

(3) Majas Repitisi

Keraf (2010:127) ngandharake repitisi yaiku majas kang mbaleni unen-unen, tembung, utawa saperangan ukara kang dianggep wigati kanggo menahi tekanan sajrone sawijine konteks kang trep.

(4) Majas Eklamasio

Eklamasio yaiku majas kang nggunakake *kata seru* (Ratna, 2013:439).

(5) Majas Retoris

Retoris yaiku ungkapan pitakonan kang jawabane wis kinandhut sajrone pitakonan kasebut (Tera, 2010:131). Miturut (Tjahjono, 2010:83) retoris minangka majas kang arupa ukara takon kang ora mbutuhake jawaban.

### Majas Sindiran

Majas pasemon utawa *sindiran* yaiku lelewane basa kang digunakake kanggo nyindir utawa nyemoni sawijine pawongan utawa samubarang.

(1) Majas Sarkasme

Sarkasme sawijine acuan kang ngandhut *kepaitan* lan *celaan* kang getir. Sarkasme uga bisa asipat ironi nanging bisa uga ora, nanging sing cetha majas iki wis mesthi bakal nglarani ati lan ora kepenak dirungokake (Keraf, 2010:144).

(2) Majas Sinisme

Sinisme yaiku sindiran kang awujud kesangsian kang ngandhut unsur ngenyek (*menghina*) marang katulusaning ati (Keraf, 2010, 143).

### Semiotik

Lelandhesan semiotik paling cocog yen digunakake kanggo ndhudhah karya sastra, diterapake minangka analisis tandha njabane teks sastra (karya sastra). Semiotik yaiku ilmu kang nyinaoni tandha. Studi sastra kang asipat semiotik, yaiku upaya kanggo nganalisis karya sastra, mligine syair lagu minangka sawijine sistem tandha lan nemtokake *konvensi-konvensi* apa sing menawa wae karya nduweni makna (Pradopo, 1997:123).

Anggone menahi makna ora bisa sapenake dhewe nanging kudu tumuju marang panganggone basa sajrone wujud kiasan, simbol utawa lambang sarta adhedhasar kerangka semiotik (minangka sistem tandha). Cara kang paling trep kanggo nganalisis karya sastra kanthi cara umum nggunakake basa kang asipat konotatif yaiku kajian semiotik. Pengkajian lan pemahaman karya sastra ora bisa uwal saka analisis semiotik.

### Fungsi

Panganggone majas sajrone antologi gegurita TDP mestine nduweni fungsi lan tujuwan kenapa majas kasebut digunakake. Fungsi kasebut digayutake karo retorika kang trep karo panganggone majas kanggo ngandharake sawijine pesen marang pamaca. Akeh banget pangerten ngenani retorika kang diandharake dening pakar basa. Nanging pangerten retorika umume yaiku kegiyatane manungsa karo basane (Syafi'i, 1988:1). Maksud, yaiku aktivitas manungsa karo basane kawujud sajrone kagiyatan *berkomunikasi*. Komunikasi kang dimaksud yaiku komunikasi kang ditindakake kanthi

nggunakake basa minangka pirantine.

Aritoteles (sajrone Syafi'i, 1988:1) ngandharake retorika yaiku kawasisan kanggo milih lan nggunakake basa sajrone kahanan tartamtu kanti cara efektif kanggo mempersuasi wong liya. Mempersuasi kang dimaksud yaiku ndadekake wong liya mangerteni, mahami, sarta nrima maksud kang diandharake minangka pesen utawa isi komunikasi. Kanthi mangkono komunikasi bisa lumaku kanthi efektif. Hakekat retorika Aritoteles (sajrone Syafi'i, 1988:12) ngandharake yen retorika yaiku kawasisan kanggo nyawang perangkat persuasi kang ana sajrone kahanan tartamtu. Tegese sajrone prastawa komunikasi sawijine pawongan kudu bisa nyawang maneka werna ana lan orane piranti kanggo ngandharake pesen komunikasi saengga wong liya bisa mangerteni, mahami lan nrima pesen kasebut.

Majas kang ana sajrone antologi bgeguritan TDP anggitan St. Sri Emyani uga nduweni fungsi retorika kang wis diandharake ing ndhuwur. Majas dhewe uga nduweni fungsi kanggo ngandharake pesen marang pamaca supaya kabeh pawongan sing maca antologi geguritan TDP anggitan St. Sri Emyani bisa mangerteni, mahami, lan nrima pesen kang diandharake pengarang lumantar antologi geguritan kasebut. Fungsi kang digunakake kanggo nganalisis dhata saka antologi geguritan *Tembang Dhukuh Purung* anggitan St. Sri Emyani kaperang dadi papat yaiku fungsi perbandingan, fungsi penegasan, fungsi sindiran lan fungsi kritikan.

#### Landhesan Teori

Panemune para ahli kang paling utama sajrone panliten iki yaiku nggunakake panemune Al-Ma'ruf (2009:9) ngenani teori stilistika. Stilistika (stylistic) yaiku ilmu kang nлити panganggone basa lan lelewane basa sajrone karya sastra (Abrams sajrone Al-Ma'ruf, 2009:10).

Sajrone panliten iki perangan kang ditinggi luwih mligi yaiku ngenani majas minangka babagan kang onjo sajrone antologi geguritan TDP. Ngenani *permajasan*, sajrone panliten iki nggunakake teorine Ratna (2013: 439). Ratna ngandharake kanthi cara umum majas diperang dadi papat majas *perbandingan*, majas, *penegasan*, majas *sindiran*, lan majas *pertentangan*. Saliyane kuwi ngenani majas uga nggunakake panemune Keraf (2010:12).

#### METODHE PANLITEN

##### Ancangan Panliten

Kagiyatan panliten ngenani "Majas sajrone Antologi Geguritan *Tembang Dukuh Purung* Anggitan St. Sri Emyani" iki nggunakake rancangan deskriptif kualitatif.

Miturut Sukidin pamerekan kualitatif minangka sawijine metodhe panliten kang dikarepake iso ngasilake sawijine deskripsi ngenani tuturan, tulisan, utawa tindak tanduk kang bisa diamati saka sawijine individu, kelompok, masyarakat tartamtu sajrone konteks tartamtu (2002:2). Saengga bisa didudut, pamerekan kualitatif minangka metodhe panliten saka asil pengamatan saka manungsa lumantar basa, bisa arupa tuturan, lan tulisan, sarta salah bawa.

Miturut Djajasudarma (2006:16) deskriptif yaiku gambaran titikane dhata kanthi akurat trep karo sipat alamiyah iku dhewe. Miturut Azwar (2004:7) ngandharake panliten deskriptif nduweni tujuwan kanggo nggambarake kanthi sistematis lan akurat fakta lan karakteristik ngenani bidhang tartamtu.

#### Sumber Dhata lan Dhata

Sumber dhata saka panliten iki yaiku awujud antologi geguritan "Tembang Dhukuh Purung" anggitan St. Sri Emyani. sajrone panliten iki geguritan sing cacah ana 123 kuwi ora dijupuk kabeh nanging mung dijupuk 15 geguritan kang bakal diteliti dening panliti. Amarga ing 15 geguritan kasebut perangan kang paling onjo yaiku ing babagan *permajasan*, mligine majas *perbandingan*, majas *penegasan*, lan majas *sindiran*.

No	Judhul Geguritan	Singkatan
1.	Pepes	(Ps)
2.	Paceklik	(Pk)
3.	Angin Ketiga	(AK)
4.	Kamufalse	(K)
5.	Iki Ta Jaman Plastik Kuwi	(ITJPK)
6.	Wuyung	(W)
7.	Gurit Suket Teki	(GST)
8.	Pepalang	(Pg)
9.	Bumi Ketiga	(BK)
10.	Kosong	(Kg)
11.	Patembayan Putri Ayu	(PPA)
12.	Keroncong Bumi Biru	(KBB)
13.	Meh Surup	(MS)
14.	Ngluru	(N)
15.	Kontal	(Kl)

Dhata sajrone panliten iki yaiku awujud tembung-tembung kang ngandhut majas, mligine majas

*perbandingan*, majas *penegasan* lan majas *sindiran* sing digunakake dening panggurit anggone nyiptakake geguritan.

### Instrumen Panliten

Instrumen panliten yaiku alat utawa piranti kang digunakake kanggo njupuk dhata panliten. Azwar (2004:34) ngandharake instrumen panliten yaiku piranti sing digunakake panliti supaya antuk informasi sing akurat lan bisa dipercaya. Sajrone panliten iki panliti minangka instrumen kang utama amarga saliyane nduweni peran minangka panliti, dheweke uga nduweni peran minangka pangumpul dhata saka antologi geguritan TDP anggitane St. Sri Emyani.

### Tata Cara Ngumpulake Dhata

Sawise nemokake dhata tahap sabanjure yaiku pengumpulan dhata. Pengumpulan dhata yaiku upaya sadhar kang ditindakake kanthi sistematis saengga pangumpulane dhata ditindakake kanthi urut supaya nggampangake panliti sajrone ngolah sumber dhata (Arikunto, 2010:265). Sajrone ngumpulake dhata panliti nggunakake teknik simak lan maca, amarga panliti nindakake observasi lan ngamati sumber dhata yaiku ngamati saben tembung sajrone geguritan kasebut.

Sawis kuwi panliti nindakake teknik cathet, yaiku nyatet tembung-tembung kang ngandhut diksi lan lelewane basa. Teknik pungkasan yaiku teknik kapustakan yaiku ngumpulake informasi sing trep nganggo irah-irahan sing sumbere saka kapustakan, kagiyatan kang ditindakake yaiku njupuk dhata kang arupa teks geguritan. Banjur diklasifikasikake utawa dikelompokake kang pungkasan dianalisis. Langkah-langkah kang kudu ditindakake sajrone ngumpulake dhata yaiku:

- (1) Maca lan ngamati antologi geguritan TDP anggitane St. Sri Emyani kanthi teliti.
- (2) Ngidentifikasi tembung-tembung kang ngandhut majas *perbandingan*, *penegasan* lan *sindiran*
- (3) Nyatheti saben tembung-tembung kang ngandhut *perbandingan*, *penegasan* lan *sindiran*
- (4) Nglasifikasikakedhata miturut undherane prakara kanggo nggampangake proses analisis.

### Tata Cara Njlentrehake Dhata

Sawise dhata kakumpul tumindhak sabanjure yaiku nganalisis dhata. Sugiyono ngandharake analisis dhata dianggep paling strategis sajrone panliten amarga panliten yaiku tujuwan kanggo ngasilake dhata. Saliyane kuwi sugiyono uga ngandharake yen analisis dhata yaiku proses ngolah dhata, njlentrehake dhata, nindakake sintesa, milah-milah sing wigati lan bakal disinaoni, lan nggawe dudutan saengga gampang dipahami (2009:334). Semana uga miturut Arikunto (2010:65) nganalisis dhata mbutuhake ketekunan lan pangerten marang jenis dhata. Saengga nganalisis dhata minangka langkah-langkah sajrone milah-milah dhata.

Saka andharan kasebut wujud dhata kang dianalisis panliti arupa tembung-tembung utawa ukara kang ngandhut diksi lan lelewane basa sajrone antologi

geguritan TDP, banjur diandharake, dijlentrehake kanthi cetha. Teknik analisis dhata sajrone panliten iki nggunakake teknik analisis deskriptif yaiku cara nganalisis kanthi ndiskripsikake dhata kang wis kakumpul. Tahapan analisis sajrone panliten iki yaiku ana ing ngisor iki:

#### 1. Reduksi Dhata (ngliputi identifikasi)

Sajrone reduksi dhata, dhata kang wis dikumpulake kabeh dicatet kanthi cetha lan teliti. Banjur dhata kang wis direduksi difokusake tumrap prakara kang wis diandharake ing bab purwaka.

#### 2. Penyajiyan Dhata

Tahapan sabanjure yaiku penyajiyan dhata. Penyajiyan dhata sajrone panliten iki arupa klasifikasi dhata kang wis ditrepake adhedhasar jenis majas.

#### 3. Njlentrehake Dhata

Sawise diklasifikasikake tahap sabanjure yaiku dianalisis, dhata kasebut diandharake lan didiskripsikake trep kaya undhering panliten kanthi cetha lan tliti nganti nggawe dudutan.

### Prosedur Panliten

Tahapan-tahapan kang dimaksud yaiku ana ing ngisor iki:

#### 1. Tahap Persiyapan

Tahap iki minangka kagiyatan kapisan yaiku nggoleki lan nemtokake objek lan undhering panliten, ngumpulake dhata, netepake irah-irahan panliten, ngumpulake literatur kapustakan, nyusun ancangan proposal, kagiyatan panliten, konsultasi proposal lan ancangan skripsi.

#### 2. Tahap Nindakake Panliten

Tahap iki minangka tahap nindakake lan ngolah dhata. Yaiku kanthi ngidentifikasi, nganalisis lan nglasifikasikake dhata kanthi cara nlti lan merang miturut jinise majas (majas *perbandingan*, *penegasan* lan *sindiran*) sajrone antologi geguritan TDP anggitane St. Sri Emyani.

#### 3. Tahap Pungkasan

Tahap iki minangka tahap pungkasan panliten yaiku arupa panulisan laporan analisis, nglaporake hasil analisis, ngowahi laporan kanthi ngrevisi asil laporan, ujian skripsi lan njilid skripsi.

### ANDHARAN ASILE PANLITEN

Adhedhasar dhata kang ditemokake dening panliti ana telung majas kang onjo utawa dominan sajrone antologi geguritan "*Tembang Dhukuh Purung*" anggitane St. Sri Emyani. Telung majas kasebut yaiku majas *perbandingan*, majas *penegasan* lan majas *sindiran*.

### Majas *Perbandingan* sajrone Antologi Geguritan *Tembang Dukuh Purung*

Diwawas saka jinise, majas *perbandingan* yaiku tembung-tembung kang *berkias* kang ngandharake sawijine *perbandingan* utawa mbandingake sawijine

kedadeyan utawa kahanan karo kedadeyan utawa kahanan liya.

### Majas Personifikasi

Majas personifikasi yaiku majas kang ndadekake barang mati minangka manungsa.

- (1) **langit sing ndak rakit kadya gurit saiki wis njerit** (Ps, gtr 1-2)

Ukara kang manggon ing pada siji gatra siji lan loro sajrone geguritan (Ps) kasebut nuduhake personifikasi. Amarga ukara “langit kang dirakit kadya gurit saiki wis njerit” nuduhake sipate manungsa yaiku bisa njerit. Ukara kasebut kalebu majas personifikasi amarga digambarake “langit sing wis dirakit kayata gurit” nduweni sipat utawa solah bawa kayata manungsa.

Fungsi saka cuplikan (1) ing ndhuwur nuduhake majas personifikasi yaiku mbandingake kanthi nguripake barang mati kang nduweni sipat kaya dene manungsa.

### Majas Depersonifikasi

Depersonifikasi yaiku majas kang nampilake manungsa minangka kewan, wit-witan, barang alam lan liya-liyane.

- (2) **ajine ayumu padha karo ajining lembar ewun ing pawon** (PPA, gtr 4)

Cuplikan kasebut kalebu majas depersonifikasi amarga “ayu” kuwi namung diduweni dening manungsa, mligine wanita nanging ing cuplikan kasebut wanita ing kono digambarake lembarane dhuwit sewu sing ana ing pawon. mula cuplikan katelune kalebu depersonifikasi amarga manungsa digambarake *makhluk hidup* liyane utawa barang mati.

Fungsi majas depersonifikasi saka cuplikan kang ana ing ndhuwur yaiku mbandingake antarane manungsa lan makhluk urip liyane utawa barang mati sarta cuplikan kasebut negesake yen paraga ing cuplikan kasebut digambarake makhluk utawa barang cilik sing ora ana nilaine utawa ora ana ajine.

### Majas Metafora

Metafora uga diarani perbandingan langsung. Metafora yaiku majas kang ngungkapake arupa perbandingan kanthi ngilangake tembung-tembung kayata, minangka, kaya-kaya lsp

- (3) **bumiku bumi katentreman bumi kasuwargan** (KBB, gtr 1)

Adhedhasar cuplikan ing ndhuwur cetha cuplikan kasebut ngandhut majas metafora amarga cuplikan ing ndhuwur ora ditemokake anane tembung “kayata, kaya-kaya, minangka, padha lsp). Cuplikan ing ndhuwur sing unine ”Bumiku bumi katentreman bumi kasuwargan”, tegese cuplikan kasebut bumi digambarake padha kayata suwarga.

Cuplikan kasebut nduweni fungsi pembangding sing tujuwane mbandingake samubarang, ing cuplikan kasebut mbandingake ketentruman ing bumi kuwi padha kaya ketentruman ing suwarga.

### Majas Alegori

Alegori majas kang ngungkapake kanthi cara kang beda, lumantar kiasan utawa penggambaran.

- (4) **langit sing ndak rakit kadya gurit saiki wis njerit dakburu karo kalbu dakcandhak sarosaning awak ning panggah ora kuwawa** (Ps, gtr 1-5)

Cuplikan ing ndhuwur kalebu majas alegori amarga cuplikan ing ndhuwur ngungkapake samubarang kanthi penggambaran utawa kiasan sawijine kedadeyan utawa kahanan saengga mbentuk sawijine carita.

### Majas Hiperbola

Hiperbola yaiku majas perbandingan kang ngandhut sawijine pernyataan kang sipate diluwih-luwihake utawa digedhe-gedhekake saka kahanan utawa prastawa asline.

- (5) **saabot-abote nyangga bumi isih abot nyangga kangene nurani** (W, gtr 1 lan 6-8)

Cuplikan ing ndhuwur digolongake majas hiperbola amarga cuplikan kasebut uga digedhe-gedhekake utawa diluwih-luwihake *pernyataan* sing ora kaya kasunyatan. Ditegesi kaya mangkono amarga cetha ora mungkin bumi kuwi bisa disangga. Sanajan bisa, manungsa sing kepriye kok nganti bisa nyangga bumi? Cetha ora mungkin kedadeyan. fungsi majas hiperbola ing cuplikan-cuplikan kasebut yaiku kanggo negesake sawijine kahanan tartamtu.

### Majas Litotes

Litotes yaiku majas kang digunakake kanggo ngungkapake samubarang kanthi tujuwan ngrendhahake dhiri

- (6) **aku pancen mung reca kang kebak lumut** (Kg, gtr 6)

paraga ing cuplikan kasebut mbandingake dhirine kayata reca kang kebak lumut. Cetha ten majas kasebut kagolong majas litotes. Amarga paraga ing geguritan kasebut ngrendhahake dhirine kayata reca singng kebak lumut. Fungsi litotes ing cuplikan-cuplikan kaasebut yaiku menahi kritikan tumrap liyan.

### Majas Simile

simile yaiku perbandingan kang asipat *eksplisit*. Asipat *eksplisit* yaiku langsung ngandharake samubarang



padha karo kedadeyan liyane lan mbutuhake upaya kang kanthi eksplisit nuduhake *persamaan* kuwi yaiku anane tembung-tembung kayata, padha, minangka, laksana lsp.

(7) **ratri sliramu prawan sing ayune  
memper widodari**

(PPA, gtr 1)

Adhedhasar cuplikan (33) cetha banget yen cuplikan kasebut kalebu majas simile amarga ing cuplikan kasebut ditemokake sawijine *persamaan* yaiku anane tembung “memper”. Tembung “memper” ing kene ditegesi “kayata”.

Cuplikan kasebut nduweni fungsi *pembandingan* kang trep yaiku ayune ratri sing prawan digambarake padha kaya ayune widodari.

**Majas Hipalase**

Hipalase yaiku majas perbandingan ing ngendi tembung tartamtu digunakake kanggo nerangake sawijine tembung kang sejatine tembung kasebut digunakake marang sawijine tembung liyane sing luwih trep.

(8) **njur, ndaksampirne sukma**

(Pg, pd 1, gtr 2)

Cuplikan ing ndhuwur tembung kang ngandhut hipalase yaiku “sampirne”. Tembung sampirne luwih cocog dipasangake karo barang sing bisa disampirne kayata klambi, kathok, andhuk, jarik lsp. Nanging ing cuplikan kasebut malah sukma sing disampirne cetha mokal, ora mungkin bisa kedadeyan. Mula cuplikan kasebut kagolong majas hipalase. Sanajan ora trep nanging tembung sajrone cuplikan kasebut nduweni makna dhewe yaiku paraga ing geguritan (Pg) wis rumangsa nyerah karo apa sing dialami.

**Majas Eponim**

Eponim yaiku majas kang nggunakake sawijine jeneng kanggo nuduhake titikan tartamtu.

(9) **ratri sliramu prawan sing ayune  
memper widodari.**

(PPA, gtr 1)

cuplikan ing ndhuwur cetha yen cuplikan kasebut kalebu majas eponim. Amarga ing cuplikan kasebut nduweni kriteria utawa titikan saka majas eponim. Luwih cetha bisa diwawas saka tembung kakg kacethak kandel sajrone cuplikan kasebut. Tembung “widodari” wiwit jaman mbiyen wis digolongake kanggo nggambarake praupan sing ayu saka sawijine wanita (*kecantikan*).

**Majas Simbolik**

Simbolik yaiku majas kang nggambarake samubarang kanthi nggunakake barang liya minangka simbol utawa perlambangan.

(10) **ana bocah ngarit nggegem gurit**

...

eseme pangece !

gurite katur marang panjenengan  
Ne

njur : iki ta jaman plastik  
Gebyar donya kelangan ruh  
Keblat suwung

(ITJPK)

Tembung-tembung kasebut ngandhut semiotik, ditegesi kaya mangkono amarga anane *perlambangan* kanggo ngandharake isi geguritan. Mula geguritan iki ngandhut makna konotatif utawa makna sing ora sabenerere. Tuladhane bisa diwawas saka cuplikan sing unine “ana bocah ngarit”, perlambangan kasebut nduweni makna nggambarake pawongan saka golongan ngisor utawa rakyat cilik. Banjur cuplikan sing unine “nggegem gurit”, perlambangan iki nduweni makna kanggo nggambarake “pesen sing diduweni rakyat cilik”. Saliyane kuwi uga dikuwatake anane cuplikan “gurite katur marang panjenengan-Ne” sing maknane “pesen kasebut wis ditampa, wis dirungokake dening para pemimpin negara utawa pejabat”. Tembung “panjenengan-Ne” perlambangan saka para pemimpin utawa pejabat.

fungsi kang kababar ing cuplikan kasebut yaiku fungsi sindiran. Perlambangan sing dienggo ing cuplikan kasebut kanggo nyindir tumindake para pamimpin sing ora peduli marang rakyat yaiku disengkuyung anane cuplikan “eseme pangece” sawis nampa geguritan kang minangka simbol pesen saka rakyat cilik.

**Majas Penegasan sajrone Antologi Geguritan  
Tembang Dukuh Purung**

Majas penegasan yaiku tembung-tembung *berkias* kang ngungkapake utawa ngandharake *penegasan* kanggo menehi *penekanan* ing isi geguritan ngenani sawijine samubarang sarta ngundhakake kesan lan uga menehi pangribawa pamireng utawa pamaca.

**Majas Pleonasme**

Pleonasme nambahake keterangan marang pernyataan kang wis cetha utawa nambahake keterangan sing sejatine ora dibutuhake

(11) **guwaya candrane panglong  
dipangan grahana awan**

(PPA, gtr 8-9)

cuplikan ing ndhuwur sing unine “guwaya candrane panglong dipangan grahana awan”. Cuplikan kasebut tembung “guwaya” tegese cahya, tembung “candrane” nduweni teges “rembulan” nanging uga bisa ditegesi “sari” banjur tembung “panglong” yaiku “kalong” (*berkurang*). Adhedhasar ukarane kang wis diartikake cetha rembulan yen kalong kuwi mesthi dipangan grahana.

Cuplikan kasebut nduweni fungsi penegasan kang nduweni tujuwan kanggo menehi keterangan supaya pamaca luwih cetha lan negesake gagasan ing kahanan cuplikan kasebut.

**Majas Repitisi**

Repitisi yaiku majas kang mbaleni unen-unen, tembung, utawa saperangan ukara kang dianggep wigati kanggo menehi tekanan sajrone sawijine konteks kang trep.

- (12) **dhuh dewa**  
...  
**dhuh dewa** (Ps)

Tembung “dhuh dewa” dibaleni amarga kanggo negesake yen ta paraga sajrone geguritan kasebut sambat marang dewa. Mula cuplikan kasebut kalebu majas repitisi.

**Majas Retoris utawa Erotesis**

Retoris yaiku ungkapan pitakonan kang jawabane wis kinandhut sajrone pitakonan kasebut utawa sing ora mbutuhake jawabane.

- (13) **hem, apa aku kudu ngombe kringetku dhewe** (BK, gtr8)

Cuplikan ing ndhuwur kalebu majas erotesis amarga uga ditemokake ukara pitakonan sing dadi titikane erotesis, bisa diawas ing cuplikan kasebut anane tembung takon “apa”. Lan jawabane gumantung paraga geguritan kasebut. Apa wae gumantung keputusane dhewe ora perlu takon wong liya ngenani perlu apa ora ngombe keringete dhewe.

**Majas Aferesis**

Aferesis yaiku majas penegasan kanthi ngilangake hurup utawa wanda wiwitan.

- Dak candhak sarosaning awak  
(14) **ning** panggah ora kuwawa malah n nyempnyok wani nunjem sajrone iga  
(Ps, gtr 5)

Cuplikan kasebut tembung sing kacethak kandel yaiku “ning” sing samethine ditulis “nanging” amarga wanda wiwitane ora ana mula kalebu majas afereseis.

**Majas Eklamasio**

Eklamasio yaiku majas kang nggunakake *kata seru* kayata wah, aduh, awas lan liya-liyane (Ratna, 2013: 440)

- (15) **dhuh dewa**  
aku tiba  
panjangka sirna  
saka arah langit angin  
ketiga ngeses  
p e p e s (Ps, gtr 15)

Tembung kang kacetak kandel minangka *kata seru*, mula cuplikan kasebut kalebu majas eklamasio.

Mula bisa didudut fungsi saka majas eklamasio sajrone cuplikan ing ndhuwur yaiku kanggo menehi penegasan marang kahanan pangrasa tartamtu kang dialami dening paraga sajrone geguritan kasebut. Penegasan kasebut kanggo nekenake lan mbangetake pangrasa kang dialami.

**Majas Pasemon utawa Sindiran sajrone Antologi Geguritan Tembang Dukuh Purung**

Majas pasemon utawa *sindiran* yaiku lelewane basa kang digunakake kanggo nyindir utawa nyemoni sawijine pawongan utawa samubarang.

**Majas Sinisme**

Sinisme yaiku sindiran kang awujud kesangsian kang ngandhut unsur ngenyek (*menghina*) marang sawijine pawongan.

- (16) **eseme pangece !**  
gurite katur marang  
panjenengan-Ne  
(Koran ngemot, TV nyiarake,  
bapak menteri ngulas : edi lan  
luhure)  
**njur : iki ta jaman plastik**  
(ITJPK, gtr 11 lan 13)

Diarani majas sinisme amarga cuplikan kasebut ukarane uga ngandhut ukara pasemon yaiku “eseme pangece”. Kita mangerteni esem pangece bisa ditegesi esem sing ngenyek. Anane tembung “esem pangece” ing geguritan (ITJPK) banjur disusul anane ukara “njur : iki ta jaman plastik” mula negesake yen cuplikan kasebut ngandhut unsur pasemon.

Adhedhasar cuplikan ing ndhuwur fungsi saka majas sinisme yaiku nduweni fungsi kanggo nyemoni utawa nyindir sawijine pawongan amarga tumindak utawa salah bawa sing wis ditindakake. Fungsi sindiran iki sipate ngenyek, nanging yen dibandingake karo majas sarkasme majas sinisme isih kagolong sindiran alus amarga majas sarkasme minangka sindiran sing sipate ngenyek kanthi kasar banget nganti nglarani ati.

**Majas Sarkasme**

Sarkasme sawijine acuan kang ngandhut *kepaitan* lan *celaan* kang getir. Sarkasme uga bisa asipat ironi nanging bisa uga ora, nanging sing cetha majas iki wis mesthi bakal nglarani ati lan ora kepenak dirungokake

- (17) **ratri widodari sing pagere digaglak wewaler**  
(PPA, gtr 2-4)

Cuplikan ing ndhuwur kalebu majas sarkasme amarga ing cuplikan kasebut uga ngandhut pasemon sing kasar, ora kepenak dirungokake lan bisa nglarani ati. Cethane ing cuplikan kasebut sing unine “ratri widodari sing pagere digaglak wewaler” wiwitane paraga wanita ing geguritan kasebut disanjung, diumbulake kanthi endah yaiku diarani kayata widodari. Nanging sabanjure unsur

pangenyek marang “Ratri” tuwuh yaiku “pagere digaglak wewaler”. Mula cuplikan kasebut kalebu majas sarkasme sing wiwitané “Ratri” disanjung nganti mumbul nanging ing mburine dinyek kanthi kasar ora kepenak dirungokake malah kalebu nglarani ati.

Majas sarkasme uga nduweni fungsi kanggo nyemoni utawa nyindir sawijine pawongan amarga tumindak utawa salah bawa sing wis ditindakake. Nanging bedane ing majas sarkasme pasemone utawa sindirane kagolong kasar banget amarga bisa nglarani ati pawongan sing disindir. Kayata cuplikan ing ndhuwur anggone pengarang ngrakit ukara geguritan (PPA) kanthi penggambaran sing kaya mangkono kagolong kasar. Menawa wae ana pamaca sing nduweni crita kaya paraga “Ratri” wis mesthi bakal kesindhir karo geguritan kasebut lan bisa nglarani atine. Sejatine “Ratri” ing geguritan kasebut minangka simbol penggambaran saka wanita-wanita sing wis kilangan prawane nanging ora karo bojone. Mula menawa wae geguritan iki nduweni tujuan kanggo pasinaon para wanita supaya luwih bisa ngati-ngati lan waspada. Aja nganti nduweni lelakon kayata paraga “Ratri” amarga yen kelakon wis mesthi ing lingkungan bebrayan wanita kasebut ora ana ajine.

#### Asil Diskusi

Karya sastra minangka asil reiptan, kreatifitas, lan imajinasine manungsa kang nduweni nilai estetik, etik, lan sainstik kang nggunakake basa minangka pirantine. Basa uga nduweni makna sajrone karya sastra amarga basa minangka medhium kang digunakake pengarang kanggo ngungkapake pengalaman estetis utawa realitas. Karya sastra minangka gegambaran panguripane manungsa kang diandharake pengarang miturut pengalamane sajrone donya kasunyatan, banjur nggunakake imajinasine kanggo nambahi kaendahane karya sastra kasebut saengga bisa narik kawigatene pamaca. Anggone ngandharake pengalamane sajrone karya sastra, pengarang nggunakake basa kang asipat rekan, kanthi cara ngurangi utawa nambahi unsur-unsur tartamtu sajrone reiptane kanthi nggunakake maneka warna lelewane basa mligini ing karyane St. Sri Emyani iki, yaiku majas. Kanthi majas-majas kang onjo sajrone antologi geguritan kasebut pamaca bisa nitiki utawa niteni gaya panulisane pengarang.

Geguritan utawa geguritan mujudake salah sawijine asil reiptan sastra Jawa Modern utawa sastra Jawa gagrag Anyar. Geguritan kuwi mujudake sawijine reiptan sastra kang cacah gatrane ora ajeg. Geguritan mujudake *ekspresi* pamikir kang bisa nuwuhake rasa pangrasa lan gegambaran pancadriya ing sawijine basa kang tumata lan nduweni wirama. Reroncening tetembungan sajrone geguritan lumrahe mujudake basa kang padhet lan mentes, ateges sajrone geguritan amung diandharake inti ceritane. Pengarang milih tembung kang trep lan *akurat* supaya bisa nyulahi apa kang dadi gagasane pengarang.

Perangan kang onjo sajrone panliten iki yaiku majas. Majas minangka pamilihe tembung tartamtu kang trep karo maksud pengarang utawa pamicara sajrone rangka kanggo nggayuh kaendahan utawa nilei *estetik*.

Saliyane kuwi majas minangka cara ngungkapake pikiran lumantar basa kang khas kang nengenake kapribadhene panulis. kanthi cara umum majas diperang dadi papat yaiku majas *perbandingan*, majas *pertentangan*, majas *penegasan*, lan majas *sindiran*.

Nindakake panliten kang ngrebug pemajasan ing sawijine karya sastra bisa diteliti nganggo tintingan stilistika. Stilistika mujudake sawijine ilmu kang nliti panganggone basa lan lelewane basa sajrone karya sastra. Lelewane basa utawa *gaya* basa (*style*), yaiku cara kang digunakake dening pangripta kanggo medharake maksud kanthi nggunakake sarana basa.

Majas sajrone antologi geguritan TDP ditemokake ana telung jinis majas, yaiku majas *perbandingan*, majas *penegasan*, lan majas *sindiran*. Majas *perbandingan* yaiku tembung-tembung kang *berkias* kang ngandharake sawijine *perbandingan* utawa mbandingake sawijine kedadeyan utawa kahanan karo kedadeyan utawa kahanan liya. Majas *perbandingan* kang kinandhut sajrone antologi geguritan TDP anggitane St. Sri Emyani, yaiku majas personifikasi, depersonifikasi, metafora, alegori, hiperbola, litotes, simile, hipalase, eponim, lan simbolik.

Majas *penegasan* yaiku tembung-tembung *berkias* kang ngungkapake utawa ngandharake *penegasan* kanggo menehi *penekanan* ing isi geguritan ngenani sawijine samubarang sarta ngundhakake kesan lan uga menehi pangribawa pamireng utawa pamaca. Majas *penegasan* kang kinandhut sajrone antologi geguritan kasebut, yaiku majas pleonasme, repitisi, retoris utawa erotesis, aferesis lan eklamasio.

Majas pasemon utawa *sindiran* yaiku lelewane basa kang digunakake kanggo nyindir utawa nyemoni sawijine pawongan utawa samubarang. Majas pasemon utawa *sindiran* kang kinandhut sajrone antologi geguritan kasebut, yaiku majas sinisme lan sarkasme.

#### PANUTUP

Perangan ing bab iki bakal ngandharake rong prakara ngenani panliten kang wis ditindakake. Prakara sing kapisanan yaiku dudutan saka andharan asiling panliten lan sing kapindho yaiku ngenani pramayoga.

#### Dudutan

Lelewane basa minangka cara ngungkapake gagasan lan pangrasa kanthi nggunakake basa kang khas utawa mligi kanthi kreativitas, kapribadhen lan karakter pengarang kanggo nggayuh efek tartamtu yaiku efek estetik utawa efek kepuitisan lan efek nyiptakake makna. Asiling panliten nuduhake ana telung jinis majas kang asring digunakake dening St. Sri Emyani sajrone antologi geguritan “*Tembang Dhukuh Purung*”. Telung majas kasebut yaiku majas perbandingan, majas penegasan lan majas sindiran.

Majas *perbandingan* ngemu 10 majas yaiku majas personifikasi, depersonifikasi, metafora, alegori, hiperbola, litotes, simile, hipalase, eponim lan simbolik. Banjur majas *penegasan* ngemu 5 majas yaiku majas pleonasme, repitisi, retoris utawa erotesis, aferesis lan eklamasio. Lan ing pungkasan yaiku majas *sindiran* ngemu 2 majas yaiku majas sinisme lan sarkasme.

Adhedhasar maneka werna majas kang wis diandharake ing ndhuwur mula bisa ditegesi majas *perbandingan* minangka majas kang paling onjo sajrone antologi geguritan TDP mligine majas hiperbola. Majas kasebut paling asring digunakake dening pengarang anggone nggurit sajrone antologi geguritan TDP. Dhata kang ditemokake ngenani majas hiperbola cacahé akeh dhewe tinimbang majas-majas liyane.

Majas hiperbola minangka majas sing sipate diluwih-luwihake utawa digedhe-gedhekake saka kasunyatané. Hiperbola kang asring digunakake dening St. Sri Emyani anggone nggurit yaiku tumindak-tumindak kang ditindakake sajrone geguritané yen dinalar mokal bakal kedadeyan utawa ora mungkin bisa ditindakake ing donya kasunyatan. Nanging kuwi sing bisa nggawe geguritan katon endah, amarga basa *kias* kang digunakake kanthi sipat majas hiperbola bisa nggawa pangrasane pamaca kanggo ngrasakake lan mbayangake kahanan sajrone geguritan kasebut.

Saliyane kuwi adhedhasar asiling panliten uga ditemokake patang fungsi kang digunakake sajrone cuplikan-cuplikan antologi geguritan TDP anggitané St. Sri Emyani. Fungsi kasebut yaiku fungsi *pembangding*, fungsi *penegasan*, fungsi pasemon utawa sindiran lan fungsi kritik. Saka patang fungsi kasebut fungsi kang onju, kang asring digunakake yaiku fungsi penegasan. Fungsi penegasan kang dimaksud ing kene yaiku kanggo negesake gagasan lan kahanan sajrone geguritan anggitané St. Sri Emyani supaya katon nyata saengga bisa nggawa pangrasane pamaca mlebu ing kahanan geguritan kasebut.

### Pramayoga

Panliten iki kaajab bisa nambahi wawasan ngenani lelewane basa sajrone karya sasatra tumrap panulis lan pamaca. Panliten iki mligine ngandharake ngenani pemajasan. Miturut jinise majas diperang dadi maneka werna. Mula kanthi anane panliten iki dikarepake bisa menèhi kawruh ngenani panliten kang nengenake ing babagan pemajasan.

Panliti nduweni pangajab panliten kasebut nduweni paedah kanggo nyengkuyung ngrembakane kasusastran Jawa modern mligine geguritan. Panliten iki uga dikarepake bisa menèhi pasinaon tumrap pamacane. Amarga akeh piwulangan sing bisa disinaoni sajrone antologi geguritan "*Tembang Dhukuh Purung*" anggitané St. Sri Emyani. Panliten iki dikarepake bisa menèhi referensi lan bisa mbiyantu tumrap panliten sabanjure kang saemper supaya bisa luwih apik lan ngrembaka. Sarta panliti nduweni pangajab panliten iki bisa migunani kanggo para pengarang utawa sastrawan supaya bisa luwih ngrembakake kreativitasé anggone nyiptakake sawijine karya sasatra mligine geguritan.

### KAPUSTAKAN

Al-Ma'ruf, Ali Imron. 2009. *Stilistika*. Surakarta: Cakra Books Solo

Aminuddin. 2006. *Stilistika Pengantar Memahami Bahasa dalam Karya Sastra*. Semarang: IKIP Press

Arikunto, Suharsini. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta

Azwar, Saifudin. *Metode Penelitian*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Dewi, Aditya K. 2013. "*Raras Ruming Tetembungan sajrone Crita Katresnan Novel Suminar Reriptane Tiwiek SA*". (skripsi ora diterbitake). Surabaya: PBSB FBS Unesa.

Djajasudarma, Fatimah. 2006. *Metodhe Linguistik Ancangan Penelitian dan Kajian*. Bandung: Refika Aditama

Emyani, St. Sri. 2013. *Tembang Dhukuh Purung*. Tulungagung : Paramarta.

Endaswara, Suwardi. 2008. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: MedPress.

Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kesustraan Jawa Modern*. Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.

Keraf, Gorys. 2010. *Diksi dan gaya Bahasa*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.

Meilasari, Tri N. 2014. "*pamilihé Tembung lan Lelewane Basa sajrone Lirik Carita Basa Using Nawu BKL Inah Anggitane antariksawan Jusuf lan Hani Z. Noor*". (skripsi ora diterbitake). Surabaya: PBSB FBS Unesa.

Moleong, Leksi J. 2007. *Metodelogi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosda Karya.

Nurgiyantoro, Burhan. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Nur, Siti. 2009. "*Diksi dan Gaya Bahasa ing Antologi Geguritan Tanpa Mripat Anggitane Aminuddin*". (skripsi ora diterbitake). Surabaya: PBSB FBS Unesa.

Pateda, Mansoer. 1989. *Semantik Leksikal*. Ende: Nusa Indah

Pradopo, Rachmat Djoko. 2005. *Pengkajian Puisi*. Jakarta: Gadjah Mada University Press.

Prasetyo, Sunar Dwi. 2011. *Buku Lengkap Majas dan 3000 Peribahasa*. Yogyakarta: Diva Press.

Ratna, Nyoman. 2009. *Stilistika Kajian Puitika Bahasa, Sastra dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

- Ratna, Nyoman. 2013. *Stilistika Kajian Puitika Bahasa, Sastra dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sudjana, Nana. 1995. *Tuntunan Penyusn Karya Ilmiah, Makalah, Skripsi, Teori Disertasi*. Bandung: Sinar Baru.
- Sudjiman, Panuti. 1993. *Bunga Rampai stilistika*. Jakarta:Grafiti.
- Sugiyino. 2007. *Memahami Penelitian Kualitatif*. Bandung: CV. Alfabeta.
- Sukidin dan Basrowi. 2002. *Metode Penelitian Kualitatif Perspektif Mikro*. Surabaya: Insan Cendekian
- Syafi'i, Imam. 1988. *Retorika dalam Menuliis*. Jakarta : Depdikbud Lembaga Pendidikan Tenaga Kependidikan
- Tarigan, Henry Guntur. 2009. *Pengajaran Gaya Bahasa*. Bandung: Angkasa.
- Tera, I.R. 2010. *Panduan Pintar EYD*. Yogyakarta: Indonesia Tera.
- Wellek, Rene dan Werren, Austin . 1993. . *Teori Kasusastran*. Jakarta: Gramedia.

